*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЪУДУЛЛЪИ

№ 88-89
(9538-9539)

2013 соналъул
**3 декабрь**

*ТАЛАТ*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

## МАДИНА МУХIАМАДОВА – ДАГЪМЕДАКАДЕМИЯЛЪУЛ ДЕКАН



***Дагъал церегIан къоязда медицинаялъул гIелмаьазул кандидат Мадина ГIалиасхIабовна МухIамадова тIамуна Дагъистаналъул медициналъулаб академиялъул педиатрияб факультеталъул(бюджеталъулаб гуреб) деканлъун.***

***М.МухIамадова гьаюна нилъер районалъул Зило росулъ 1975 соналъ.***

***ГьабсагIаталда гIумру гьабулей ва хIалтIулей йиго МахIачхъалаялда.***

***Тарбия-лъай кьун гIезабулеб буго кIиго лъимер - васги ясги.***

***Районалъул тIолабго халкъалъул ва хас гьабун зилдерил жамагIаталъул цIаралдасан ракI-ракIалъ баркизе бокьун буго Мадина ГIалиасхIабовналда тIадегIанаб хъулухъ .***

***ЦIия-цIиял гIелмиял рорхалъабазде яхине икъбалгун гIакълу ва гIумрудулъ талихI гьарула нилъеца Зилоса гIалимчIужуялъе!***

**( М.МухIамадовалъул хIакъалъулъ гIатIидаб материал нижеца газеталъул хадусел номеразул цоялда кьезе буго).**

## ИНФОРМАЦИОННОЕ СООБЩЕНИЕ

### о проведении публичных слушаний по вопросу о районном бюджете МР «Ботлихский район» на 2014 год и на плановый период 2015-2016 годов

Комиссия по проведению публичных слушаний по проекту бюджета муниципального района «Ботлихский район» на 2014 год и на плановый период 2015-2016 годов, (далее - комиссия по проведению публичных слушаний), созданной постановлением главы муниципального района «Ботлихский район» от 25 ноября 2013 г. №25 информирует, что 16 декабря 2013 года с 11 часов 00 минут в зале заседаний администрации МР «Ботлихский район», расположенного по адресу: с. Ботлих, состоятся публичные слушания по проекту бюджета муниципального района «Ботлихский район» на 2014 год и на плановый период 2015-2016 годов. Жителям муниципального района «Ботлихский район» предлагается ознакомиться с представленным проектом бюджета и принять участие в его обсуждении.

Комиссия по проведению публичных слушаний предлагает направлять свои замечания и предложения по указанному проекту бюджета в письменном виде в срок до 13 декабря 2013 года по адресу: с. Ботлих, кабинет Собрания депутатов муниципального района, (тел. 2-20-45).

Комиссия по проведению публичных слушаний сообщает, что согласно установленному порядку участники публичных слушаний имеют право выступать с предложениями по проекту бюджета, задавать вопросы другим выступающим. Участники публичных слушаний, проживающие на территории муниципального района, имеют право принимать участие в голосовании по поступившим предложениям по проекту бюджета.

Все предложения по проекту бюджета подлежат занесению в протокол публичных слушаний. Принятые большинством голосов от числа присутствующих участников публичных слушаний, проживающих на территории муниципального района, предложения включаются в итоговый документ публичных слушаний, который носит рекомендательный характер.

***Председатель комиссии по проведению публичных слушаний***
**М. ОМАРОВ**

**ЖАКЪАСЕБ НОМЕРАЛДА:**



**УЧИТЕЛЬ ВА ГIУЦIАРУХЪАН**
*3-гьум.*



**КИНАЗУЛГО РАКIАЗЕ КIУДИЯБ АСАР ГЬАБУНА**
*6-гьум.*

# ДУР ЧИНОВНИК ВАХЪИНЕГІАН, ЧАХЪДАЛ ЧАНАХЪАНГО ВАХЪИЛА

Ассаламу гIалайкум, дир гIагараб ТIасутIа росуги, росдал гIадамалги. Газетазул гъурмазда макъалаби хъвазе кIудияб махщел гьечIониги, цо дирго рахъалъа ГъазимухIамадовас хъвараб къабихIаб макъалаялъе жаваб кьечIого ракI дирги чIоларо.

КIудияб рецц гьабун буго «хIурматияв» ГъазимухIамадов дуца нижер росдаеги ва росдал гIадамазеги, хадубго абурабщиналде тIаде лъим тIун букIинчIебани. Цебеккунго ниж реццараб макъала хъвазе мун ракIалда ватун вукIарабани, цIакъго лъикI букIинаан.

Дида лъалеб заманалдаса нахъе, тIасдерилги балъхъадерилги администрация цо букIана. Аллагьасе рецц буго, жакъаги мугъги чехьгиян абухъего, руго цадахъ. Гьедин берцинго, цолъун рукIине хъванги батаги Аллагьас нижги, ниж гIадин районалъул цоги-цогидал росабиги.

18 сон буго дир росдал клубалъул заведующийлъун хIалтIула. Чамалиго нухалъ хисана нухмалъулелги, хIалтIухъабиги, жеги вихьун вукIинчIо къадарав, яги къадараб ргIи абулев чи. Бугеб санагIалъиялда рекъон бачана хIалтIиги. ХIукумат биххаралдаса нахъе босизе кълваригIараб къайиги щвечIо, ремонталги рихьичIо. Гьелде балагьун вукIинчIого 70 абилел соназго росарал ругониги, скамейкабиги цIунана, стол-бакIалги цIунана. ГьитIинаб бугониги, ремонталъулал хIалтIабиги дирго гIарцудалъун гьаруна. Клубалда жаниб росдал данделъабиги гьаруна, батIи-батIиял вечералги гьаруна, байрамкъоялги тIоритIана. Гьединго росдал тарихалъул бицунеб материалги бакIарана. 1999 соналъ нилъер районалда букIараб рагъул бицараб альбомги гьабуна. Къварилъи ккаралъубги гIатIилъи ккаралъубги, бечедавин, яги мискинавин ватIа гьавичIого росуцоязул хIажалъиги тIубана. Гьеб кинабго росдада лъазеги лъала, жакъаги дие гьез баркалаги кьола. Дудаги гьеб кигIанги лъикI бихьарабги буго лъалебги буго «гьалмагъ» ГъазимухIамадов. Мун Москваялде ун дун какизе лъугьаниги, гьениб хисизе батIияб жоги гьечIо.

БукIуна санагIалъи гьечIеб заман, росулъ ккарал къварилъабазда хурхун букIа, цогидаб букIа. (районалдаго лъала гьаб ахираб заманалда нижер росулъ ккаралщинал хвелал. Росулъ чIарал гурел, къватIиса рачIарал рукIуна гьезул гIемериселги). Гьединал къояз дица кIвараб кумек гьабула гьезул хварасул зикру-къулгъу тIубаялъе, тIаде рачIаразе кванай гьабиялъе клубалда жаниб.

Цоцазе кумек гьабиялъулъги, къварилъи ккаразда гурхIи ва гьезие хIажатаб цадахъ рахъун гьабиялъулъги бихьула нилъер магIарул росабалъ умумуздаго батараб гIадат. Росдал клуб, росдае хIажалъиялъе букIине кколеблъи дуда бичIчIулареб кин МухIамадрасул? Гьенивги мун дун какулев вуго, дица театрал рихьизарулел гьечIин, гастролазде дун хьвадизе кколин цин вахъуна. Жакъа дур театраздеги, махсаро-хочIалъул сценкабаздеги регIун рукIунаро гIадамалги. Мун гьол коммунистазул заманалдаго хутIун ватаниги, гьанже гIадамазул батIияб букIуна дунялалдехун балагьиги тIалабги. Дица клубалда гьабураб хIалтIуеги къимат дир росдаца кьола. Мун лъица дир хIалтIул бицине тIамурав вугев дида лъаларо, гьеб дида лъазе хIажатги гьечIо. Мун лъикIав лъугьун хвалеб букIун батани, битIарабгIаги щай дуца хьвачIеб? Дуца макъалаялда рехсола буго, дуца буюрухъги къун, амруги гьабун дида тIадкъан букIанила ТIасутIа реци байбихьиялда хурхун тIобитIулеб мероприятие гIуцIеян. БукIана, амма сентябрь моцIалъул 7 абилеб числоялъ. Реци нижер росулъ 15 абилеб июлалъго бахъун букIана. Абулеб ргIиги, гьабулеб хIалтIиги бихьинчиясул данде ккезе ккола. Дурин абуни гьеб гьелъул гIаксалда бихьула дида. Гьаниб хьвачIого гIоларо, дуца 1994 соналъ гIуцIун буго районалда, Имам Шамил гьавуралдаса 200 сон тIубаялда хурхун тIобитIулеб байрамкъо. Гьениб дуе кIудияб кумекги щун буго нижер ТIасутIа росдал гIолохъабазул рахъалдасан. Дун гьелдаса кутакалда вохаравги вуго. Дида бичIчIинчIеб жо буго цо, мун гIумру театралда, культураялда, искусствоялда арав (дуцаго абухъе) дуда Имам Шамил гьавураб къогIаги кин лъалеб гьечIеб. Имам Шамил гьавуна 1797 соналъул июнь моцIалъул къоло анлъабилеб числоялъ. ХIакъикъаталдаги гьесул 200 сон гьавуралдаса 1997 соналъ тIубала. Дуца гьеб лъабго сон цебеккунго тIубан бихьула. Микьго моцI бугила нилъер «цадахъ» хIалтIулайинги хьван буго дуца, лъагIелги микьго моцIалдасанги цIикIкIараб заман бугониги. Хадуб макъалаялда хьванщинабги дур гьелдаго релълъараб буго.

Цоги дуца кIудиял гIадамазул божилъи кколедухъ хьвалеб буго дуца дида хIажатаб щиб бугоян гьикъулеб букIанинги. Гьеб гьикъизеги дуда лъачIо, столалда нахъа гIодов чIун кроссвордал цIезарула вукIун гурони. Мун вачIинегIан цогидабщиналъе кумек щолеб букIун батичIониги, лъагIалие газетагIаги хьвазе рес букIана дир. Мун вачIаралдаса нахъе гьебги бихьичIо, цогидабги бихьичIо. Гьединго «гьалмагъ» МухIамадрасул дица 2012 соналъул ахиралда духъе къуна ТIасутIа клубалъе рацIалъиялъе хIажатаб 2 цIилицIги, ведроги ва гьединго 20 канлъи кьолеб чирахъги бачIулеб лъагIалие босизе бихьизабураб кагъат. БатIаго бихьизабуна клубалда бакизе хIажат бугебункъго куб цIулал хьвараб кагъатги. Гьелъулги ГъазимухIамадов, дуца жаваб гьабичIо. Лъаларо тIаде рищнибахъги, тряпкаги, жулги хьван дуего рокъобейищ дуца гьеб араб, тIокIаб хабар тIагIана. Цоги МухIамадрасулица хьвалеб буго, артистасул ретIелги, накъираги, къалиги гьарун вачIанила дун жиндихъеянги. ВачIинчIо. Гьенирги долго дурго гьерсал хьван руго. 2012 соналъ лъагIалил отчеталда цадахъ кьураб заявка, дуе жавабалъул бакIалда, гьеб макъалаялда цадахъ дирго росдал жамагIаталъеги бихьизабула, гьединго газеталда лъезеги кьола редакциялде. ЛъагIалил кьолеб отчеталда цадахъ гьединаб заявка хьвазе тIадаб букIуна. Кумек щвей, щвечIолъи батIияб суал буго. Дуда гьелъул магIна бичIчIун букIун батичIони, вуцIунгIаги чIечIев щай мун, гьелъул бицунев вукIинчIого. ВуцIцIун чIейги чиясул саламатаб гIакълу кколин абиги буго МухIамадрасул.

Дица дирго рокъобе гъурущ тIалаб гьабиги дуе захIмалъун бихьула цIакъго. Мун вижараб бакIалда ватунги вукIарабани, хьизан-лъималги гIуцIун рукIаралани, бичIчIизе букIун батила дудаги гьеб. Кьойилго кафеял кьабула вугев дуда щибха лъала гьелъул хIал. Дир рокъобе бачIунелдаса кIиго нухалъ цIикIкIараб гIарацги босун вукIаниги мун гьебги гIечIого ТIасутIа клубалъул уборщицаялъул харж ккезеги лъугьана. Дун дуда аскIов чамго нухалъ щвана гьеб суалги босун, амма дуца гьеб гIадахьцин босичIо. ГIадахъ босизе гьабуна дуда гьеб хадуб прокуратураялъ (дуцаго абулел органаз). Босизеги гьабуна, бецIизеги гьабуна. Гьенив дун витIаравлъун чIезеги гьавуна. Дуцаго хьвахъе Аллагьасги квербакъула ритIухълъи цIунизе. Гьединлъидал макъала дуца гьелдаса байбихьизе кколеб букIана. Мун тIасдерил ургъел ккун гьечIевлъи гIадамазда бичIчIизе. Диде гьегъ бараб гIечIого, гIайибго гьечIеб Болъихъ росдал администрациялдеги тенколев вуго. Баркала гьезие кьезе кколев чиги мунго вуго. Гьедин вугони мун балъхъадерица вехьлъунцин вачунаро. Гьай-гьай, гьаниб нижер росдал рахъалдасаги буго дуе тIаде жубай, гьол дуца абулел фильмалги, сериалалги, гьел дуца мунго вижараб росдал рахьизе те. Дуцаго абухъе, мун гIадамазул ракIазулъ хутIизелъун, вижаралъув ватани лъикI букIина дуе.

Ахиралда ругел дур мухъаздаги дагьаб тамашалъи ккана. Херав евреясул васияталда релълъинабун буго. Дун хун хадув цогидазда чIегIераб къо чIагиян абухъего буго. ХIалтIи тезе дуда ракIалда ккейги кутакалда битIараб жо буго дур. Дур чиновник вахъинегIан, чахъдал чанахъанго вахъине вукIун ватила.

«Надобно иметь силу характера, чтобы говорить и делать одно и то же».

Дуда гьелъул магIна бичIчIани МухIамадрасул. Жакъа гьереси бицунезулги, пударухъабазулги ва крахаборазулги заман гьечIо. Гьел роцIинаризе тIад хIалтIи гьабулеб буго хIукуматалъги. Гьай-гьай, букIина лъикIаб замана Дагъистаналъул халкъги лъикI бугеб культураги цебетIураб. Амма, кидаго нилъеда лъан букIине ккола заманаялде бараб кинабго гьечIеблъи. ГIемерисеб бараб буго живго чиясда, гьесул яхIалдаги, намусалдаги ва сахаватлъиялдаги.

# УЧИТЕЛЬ ВА ГIУЦIАРУХХЪАН

Дир гъанжесеб очеркалъул аслияв чилъун ккола 1943 соналда Кванхидалъ росулъ гьавурав Иманшапиев МухIамад. Гьев гьавуна ва тарбия щвана колхозчагIазул хъизамалда. Гьесул инсуца, росдал цогидал бихьиназго гIадин, магIишат гьабулаан киса-кибего машгьураб квенхдерил цIам бахьиялдалъун ва гьеб бичиялдалъун. Гьеб цIамалъул батIаго цIикIкIун къимат букIана КIудияб ВатIанияб рагъул соназда. Квенхдерица гьелдалъун хьезарулел рукIана районалъул росабазул гIадамал гурелги мадугьалихъ ругел районазул гIадамалги. Гьебгун гьел хьвадулел рукIун руго Грозныялде щвезегIанги. ЦIамухъ щвараб, яги гьелъухъ данде хисун щвараб нарт доб заманалда бищун ярагьунеб «транспортлъун» кколел жидерго гIурцIмуздаги лъун бачIунаан районалде ва бичизе хьвадулаан росабалъе.

Гьединаб захIматаб яшав гьаби васасда бихьизе бокьичIев инсуца, МухIамад гьитIинго вукIадго хIукму гьабула, росулъ къадру-къимат бугеб, гIун бачIунеб гIелалъе лъай ва тарбия кьей гIадаб хIурматияб учителасул махщелалъе цIализе витIизе.

Жиндирго гьеб аницалъул хIакъалъулъ эмен Иманшапица вас МухIамадиеги рехсола. Гьоркьохъеб лъай щвезегIанги эмен чIаго хутIичIониги МухIамадица гIумру гьабулеб букIана учительлъун вахъине бокьиялъул аницалда. Гьединлъидалги батилаха тIоцебесеб классалдасанго байбихьун гьев цIалулев вукIана цадахъ ругезе мисалияб къагIидаялда. ГIагараб росулъ школа букIинчIолъиялъ, щуго класс лъугIинегIан, щибаб къоялъ гьев хьвадана мадугьалихъ бугеб Инхело росдал школалде. 1962 соналда Болъихъ №1 гьоркьохъеб школа лъугIинабун хадув, цIализе лъугьуна Армавиралъул педагогическияб институталде…

Гьесул цIалуе дагьабго квал-квал гьабуна 1963 соналда Советияб Армиялде тIадаб налъи тIубазабизе ахIиялъ. Амма квал-квалиланги кинха гьелде абилеб,-ВатIаналъе рагъулаб хъулухъ гьабулаго щвана дие моралиябгун физическияб лъадариги, рекIелчIейги ва захIмалъабазе къуркьунгутIиги,-ян абидал МухIамадица…

ТIадаб рагъулаб хъулухъ гьабиялъул болжал лъугIиндал, МухIамад тIад вуссуна добго институталде ва «отлично» къиматазда 1969 соналда лъугIинабула гьеб.

-Гьеб заманалда букIараб дир рохалил кутак бихьизе лъикIан дуда. Гьелъул къучIго букIана дун гьитIинго хварав инсул анищ тIубан букIин,-ян ракIалде щвезабуна МухIамадица…

Гьединан, учителасул дипломгун 1969 соналда рокъове вачIарав Иманшапиев хIалтIизе восула Муни росдал гьоркьохъеб школалде учительлъун, гьоркьоб гIемераб заманго инчIого гьесда



божизабула гьеб школалъул директорлъи. Хадув, 1973-1974 соназда гьев тIамула АнсалтIа росдал гьоркьохъеб школалъул директорлъун. 1977 соналде щвезегIан, лъабго соналъ, гIолохъанав педагогасда божизабула халкъияб лъай кьеялъул районалъул система…. ТIадкъараб хIалтIи ракIбацIцIадго гьабулаго, гьес мустахIикъаб бутIа лъуна районалъул халкъияб лъай кьеялъул система цебетIезабиялъулъ. Хасаб кIвар кьолеб букIана гIун бачIунеб гIелалъе нравственниябгун патриотикияб ва захIматалъулаб тарбия кьей гIадаб жавабияб ишалде. Районалъул гIезегIанго школазда гIуцIун, хIалтIулел рукIана цIалдохъабазулал производствоялъулал бригадаби…

Районалъул лъай кьеялъулаб системаялда хIалтIулев соназда бихьулеб букIана М. Иманшапиев лъикIав педагог вукIин. Амма гьелдаго цадахъ гьесулъ загьирлъулеб букIана партиялъулабгун советияб гIуцIарухъанлъиялъулабгун нухмалъиялъулаб махщелги. Гьеб бихьичIого хутIичIо районалъул нухмалъиялда. Гьединан, 1977 соналда гьев вачуна районалъул нухмалъиялде ва божизабула депутатазул раоналъулаб Советалъул исполкомалъул председателасул заместителасул хъулухъ. ГIемер рахъазулаб гьеб ишалда 1977 соналдаса 1982 соналде щвезегIан ракIбацIцIадго хIалтIулаго гьес унго-унгояб хIаракатчилъи бихьизабуна районалъул экономикиябгун культурияб гIуцIарухъанлъиялъулъ. 1985 соналда «отлично» къиматалда лъугIизабуна Ростовалъул партиялъул тIадегIанаб школа. Гьай-гьай, гьелъие къимат кьейлъун букIана 1984 соналда гьев КПССалъул райкомалъул кIиабилев секретарьлъун вачин. Добго хIаракатчилъиялда гьенив хIалтIулев вукIана советхалкъалъул хиянатчагIи Горбачевасулги, Ельцинилги хIаракатчилъиялда КПССги СССРги биххизабизегIан. Гьелъ Иманшапиевасе щвечIо кIудияб роценалда гIуцIарухъанлъиялъулабгун нухмалъиялъулаб ишалда жиндирго унго-унгояб хIаракатчилъиги ва ресалги рагьизе ва рихьизаризе. Гьереси-демократазулаб обществоялда гьел комитетазул къимат хвана ва гьел къваригIунел бакI батичIо.

Амма М. Иманшапиевасул чорхолъ цIунун хутIун руго доб заманалъулал гIадаталги, гIаданлъиги, тIаса рищун гурел, киналго гIадамаздего рокьи-хинлъиги. Абизе ккола гьел нравственниял бечелъаби гьесулъ щулалъанин ва церетIолелги рукIанин, гIагараб Кванхидалъ росдал гIадамаз росдал бетIерлъунги вищун, цIикIкIараб заманалъ росдал гIадамалгун вукIине ккеялъ…

1990 соналдаса нахъе Хунзахъ «Агропромводстрой» цолъиялъул Болъихъ бугеб участкаялъул начальниклъун хIалтIулев вукIарав гьес, росдал гIадамазул гьариялда рекъон, кандидатура лъола росдал администрациялъул бетIерлъиялде рукIарал рищиязда. Гьедин, 2003 соналда росдал бетIерлъун вахъаралдасан нахъе, гьес жиндирго нухмалъиялъулаб махщелги захIматалъулаб хIаракатчилъиги балагьизабула росдал гIадамазе гьабулеб хъулухъалде. Байбихьана росулъ жанир хIажатал хIалтIаби гьаризе. Реконструкция гьабуна токалъулал мухъазул, капремонт гьабуна росдал Культураялъул рукъалъул, медпункталъул, школалъул минабазе, бана гIоралда тIаса къо, школалъул цIалдохъабазеги росдал гIолилазеги бана спорталъулаб майдан ва цогидалги гIаммал бакIал. Росулъ гьекъолеб лъел захIмалъи букIиналъ, 24 метр гьварилъи бугеб лъел гьуй гьабуна, кумек гьабуна мадраса баялъе, цифровияб телевидение хIалтIиялъе. Гьеб росу жанисан уна республикаялъулаб нух. Росдал 4 бакIалда гьеб гIатIид гьабуна росдал администрациялъ. АнцIиала хадур соназ росдал администрациялъе нухмалъи гьабулаго бихьизабураб нухмалъиялъулабгун жамгIияб хIаракатчилъиялъе гIоло М. Иманшапиев мустахIикълъана «Дагъистан республикаялъул мустахIикъав муниципалияв хIалтIухъан» абураб хIурматияб цIаралъе.

Жиндирго гIолохъанаб гIумру ракIалде щвезабулаго МухIамадица кIудияб разилъиялда бицана АнсалтIа росдал гIадамазул, гьезул гIаданлъиялъулги ихтилат-кеп бокьулел рукIиналъулги, хIалтIулги, гIумруялъулги рахъалъ гьениб щвараб хIалбихьиялъулги хIакъалъулъ.-Къурдизегицин гьенив ругьунлъана дун,-ян абуна гьес.

Учительлъунги лъай кьеялъулал учреждениябазул нухмалъулевлъун хIалтIулагоги М. Иманшапиевас приоритетниябльун рикIкIунеб букIана цIалдохъабазе лъайги тарбияги кьеялъуль рухIиябгун нравственнияб рахъ. КIочон толароан умумузул хъизамалъулалги жамгIиялги гIадатал ва гьезул захIматалъулалгун рагъулал бахIарчиял ишалги.

Гьеле, гьединал рухIиял хазинабазул рухIалда лъайги тарбияги къун гIезаруна гьес ва гьесул чIужу Шарузатицаги жидерго лъималги.

Гьезул цояв вас Абсалудин хIалтIулев вуго республикаялъул налогазулаб инспекциялда, АхIмад- республикаялъулаб централияб больницаялда тохтур-нейрохирурглъун, ГIали-республикаялъулаб следственнияб управлениялда следовательлъун.

Жиде-жидер тIадал ишал ракIбацIцIадго тIуразарулел ругел гьел гIолохъаби хIадурал рукIуна росдал ва районалъул гIадамазе хIажатаб кумек гьабизе.

-ГIаданлъиялъулги, яхI-намусалъулги, гIадамазе жидеда бараб кумек гьабиялъулги рахъалъ росуги районги бахилал ва мисал босизе мустахIикъал лъимал руго Иманшапиев МухIамадил,-ян абула гьел лъалелщиназ. Узухьда, гьеб ккола гьезулги эбел-инсулги талихIлъун. Гьединаб талихIалда тейги Аллагьас гьел кидаго!

**Ш. ЛАБАЗАНОВ.**

СПОРТ. СПОРТ. СПОРТ.

# ВОЛЕЙБОЛАЛЪУЛ ТУРНИР ТIОБИТIАНА

Ведомственнияб гуреб охранаялъул хъулухъ гIуцIаралдаса 6I сон тIубаялда бан,



дагьал церегIан къоязда микрорайоналъул спортивияб залалда тIобитIана волейболалъул турнир.

Гьелда гIахьаллъи гьабуна щуго командаялъ - Болъихъ ОВО, Болъихъ РОВД, Буйнакск ОВО (офицерзабазул состав), Буйнакск ОВО (гьитIинаб состав) ва Унсоколо ОВО.

Къокъабго кIалъайги гьабун, спортивияб тадбир рагьана Буйнакск шагьаралъул ведомственнияб гуреб охранаялъул начальник МухIамад ГIамирхIамзаевас.

- Жакъасеб волейболалъул турнир ккола иргадулаб, ай санайилго тIобитIулеб. Гьеб тIобитIулеб буго нилъер хъулухъ гIуцIаралдаса 6I сон тIубаялда хурхун . Исана хIукму ккана турнир Болъихъ тIобитIизе.

ЗахIматаб хIалтIудаса хадур нуж спорталде машгъуллъи, батIи-батIиял спортивиял тадбиразда, къецазда,



турниразда гIахьаллъи, нужеца цоцазулгун гьудуллъи кквей, бухьенал щула гьари мурад буго управлениялъул нухмалъулезулги.

Дие бокьун буго нужер захIматаб ва жавабияб хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби гьаризе. Биччанте нужер хъулухъ гIицIго ракълилаб букIине, нужер кьеразулъ камиял ккунгутIизе.

Мурадгибугожакъасел къецазулъ спортивияб рухIги букIине, къуватал командабаз бергьенлъиги босизе.



Амма лъан букIаха нужеда аслияб бергьенлъи ккола гьудуллъи,- ян лъугIизабуна жиндирго кIалъай МухIамадица.

Хадув кIалъазе вахъана Болъихъ РОВДялъул нухмалъулев подполковник МухIамадкамил ХIажиев.

- Бищунго кIвар буссинабулел суалазул цояблъун и буго нижер райотделалда физическиябгун рагъулаб хIадурлъи. Дир пикруялда, жакъа тIобитIулеб турнир гIицIго байрамалда яги ОВОялъул къояда хурхун тIобитIулеб жо гуро: щивав полициялъуласул рекIелъги чорхолъги щибаб къойил букIине ккола спортивияб рухI, спортивияб къеркьей.

Дир ракIчIараб буго жакъа гьанир ракIарарал ОВОялъулги РОВДялъулги киналго хIалтIухъаби бажариги, жавабчилъиги, махщелги, профессионалияб хIадурлъиги бугел чагIи рукIиналда. Къецазда щив бергьаниги, къуниги, аслияб суалалъулъ - гьудуллъиялъулъ, гьуинлъиялъулъ ва цоцада божилъиялъулъ нилъ киналго бергьине руго.

Хадур байбихьана дандчIваял.

Байбихьудасан ахиралде щвезегIан махщалилаб хIайги бихьизабун, турниралда тIоцебесеб бакI босана Буйнакск ОВОялъул офицерзабазул командаялъ.

Гьезие щвана кубокги 5 азарго гъурущ гIарацги.

КIиабилеб бакI ккурал Болъихъ РОВДялъулазе кьуна 3 азарго гъурущ..

Лъабабилеб бакIалда ва азарго гъурущалда гIей гьабизе ккана Унсоколо ОВОялъул волейболистаз.

Турнир гIуцIун букIана кутакалда берцинго, гIадлу-низамгун.

Киназго баркала загьир гьабулеб букIана тIадегIанаб даражаялда гьеб тадбир гIуцIиялъе квербакъарал райспорткомитеталъул ва Болъихъ РОВДялъул нухмалъулезе.

**НИЖЕР МУХБИР**

# ПОЛОЖЕНИЕ

*О проведении первенства района по волейболу среди организаций и учреждений*

**1.Цели и задачи**

Первенство района проводится с целью улучшения спортивно – массовой и оздоровительной работы среди трудящихся. При этом решаются задачи

- привлечение трудящихся активным занятиям физической культурой и спортом;
- пропаганда здорового образа жизни и повышение работоспособности;
- укрепление здоровья трудящихся.

**2.Руководство проведением**

Общее руководство проведением первенства осуществляет отдел по физической культуре и спорту

Непосредственное проведение турнира возлагается на главную судейскую коллегию.

**3.Сроки и место проведения**

Соревнование первенства района по волейболу среди организаций и учреждений проводится в с.Ботлих 21 декабря на базе ДЮСШ. Жеребьевка команд 20 декабря в 15 часов. Начало соревнований 21 декабря в 10 часов.

**4.Участники и система проведения**

К соревнованиям допускаются сборные команды организаций и учреждений на основании поданной заявки. Состав команды 8 человек. Не работающего и не числящегося в штате организаций участника в заявку не включать. Система проведения первенства будет определена на совещании представителей команд 20 декабря во время процедуры жеребьевки.

При желании и при отсутствии нужного количества игроков в команде, разрешается объединить родственные организации. Например: банки и сбербанк, райФО и казначейство, ТВ и пресса, прокуратура и служба судебных исполнителей, поликлиника и ЦРБ. Объединение средних школ не разрешается. В командах ДЮСШ игроки только штатные работники, совместители не допускаются. От ОВД допускаются 3 команды: Ботлихский отдел, Ансалтинский ПОП, Андийский ПОП.

**5.Расходы**

Расходы по организации и проведению соревнования несет отдел по спорту.

**6.Заявка**

Заявка установленного образца на участие в соревнованиях будет приниматься до 20 декабря. Команда, не подавшая заявку на участие в соревнованиях и не участвовавшая в процедуре жеребьевки не допускается к соревнованиям первенства района, и дописывать участников после подачи заявки не разрешается. При обнаружении подставки, команда будет отстранена от соревнований, а результат аннулирован.

**7.Награждение**

Команды, занявшие 1-3 места на первенстве района по волейболу среди организаций и учреждений, награждаются дипломами соответствующих степеней, кубком и призами главы района.

Участники награждаются медалями и грамотами.

**К сведению руководителей.**

Провести тренировки команды могут в спортзалах района после 18-00 часов,без ущерба занятиям учащихся., предварительно согласовав с руководителями, в чьем ведении находятся залы,

**Для получения дополнительной информации обращаться по телефону: 2-20-73; 8-909-481-20-88.**

# КИДА НИЛЪ КIУДИЯЛ ГIЕЛЕЛ, КIУДИЯВ ИМАМАСУЛ ЗАГIИПАЛ ИРСИЛАЛ?

ЦIалана МухIамад ГIабдулхабировасул «Осел на сцене» абураб макъала.

Бокьана ва...бокьичIо.

Бокьана берцинаб гIадатияб мацIалда, цIалулев чиясда бичIчIуледухъ, гьесул рекIелъе бортуледухъ хъван букIиналъ. .Лъимадул гIадаб гIамал-хасияталъул, гIатIидаб рекIел кIутIиги кIудияб черхалъул гIаммаб хIалги бахчизе кIоларев, лъаларев, гIурусаз абухъе, эмоционалияв чияс хъвараб букIиналъ.Хъвадариялъе гIезегIан гьунар бугев чилъидалха М.ГIабдулхабиров, махщалил рахалъ тохтур вугониги.

Дида кIоларо макъалаялда хъвараб тIолабго жо тIири гьечIого битIараб яги, гьелъул гIаксалда, тIири гьечIого гьересияб бугилан абизе. Дир гьединаб мурадги гьечIо.

БитIараб батани, квеш буго киназего-президент ГIабдулатIиповасдаса байбихьун ГIанди магIарда гIияда вугев вехьасде щвезегIан.

Квеш букIинарищха гьададигIан жиндихъ нилъ урхъун рукIарав, мажгитахъ будун-дибирзабазцин дугIадулъ рехсолев президент Рамазан ХIажимурадович ГIабдулатIипов, ГIабдулхабировас абухъе, реццалъ беццги гьавун, сверухълъиялъ гъоркье рехулев ватани.

Гьеб мехалъ къо - мех лъикI гьабизе ккелаха лъикIаб букIинеселде бижун букIараб кIудияб хьулалъулгун, хьуцIилъа гIагараб Дагъистан къватIибе цIалилан баккун букIараб божилъиялъулгун. НуцIа къазе ккелаха ритIухълъиялде, рацIцIалъиялде.

.Лъавукълъиялъги, рищватазги, чIвай-хъваялъги босилаха нахъеги тIалъи.

ТIад буссун бачIинаха, машгъураб пашманлъи щвараб, «дедил низам-базар».

Амма дун щаялиго божулев гьечIо Рамазан ГIабдулатIиповасулги президентлъи лъугьинарин, гьевги улкаялъул бутIруз Москваялде «повышениялде» ахIилин яги бакъбаккул улкабазул цоялде посоллъун витIилин абураб пашманаб пикруялда. Божизе бокьун гьечIо…

РакIалдаго гьечIого вацIцIадав МухIу Гьиматович власталде вачIиндал, цо батIияб, бицун божулареб хинлъи рещтIун букIана гIемерал хиса-басиязде хиял лъураб халкъалъул рекIелъе. Абухъего, божилъиялъул гьитIинаб хIенехI баккун букIана гIузраби-гIазабаз кIвекIулеб, кIарчанлъи - чороклъиялъ гъанкъулеб гьаримаб Дагъистаналда. Амма, унго-унгояб цIаялде сверизе течIого, гьеб Москваялъул «пожарникIаз» хеккого ссвинабуна. Лъим тIолел чагIи нилъерго гьанисан рукIана ва, кидаго гIадин, бищунго цIикIкIараб жигар магIарулазги бахъана.

Даргабаз, лезгияз, лъарагIаз ва цогидалги миллатаз жидерго чиясул, кинав гьев ватаниги, хIатта тIуварав вахьна вугониги, кIвараб хIалалъ адаб-хIурмат гьабула. Нилъеде битIахъе макъу щоларо власталдаги, гIадамазда гьоркьов къадру-къиматалдаги нилъерго чи вугони. Гьев хъулухъалдаса «хъущтIизегIан» квен кIочон тола магIарул чагIазда.

Нахъеги абулеб буго, ГIабдулхабировас хъвараб макъалаялдехун дир кинабгIаги дагIба гьечIо, амма хъвачIого букIарабани лъикI букIинаан.

Цо бугони, нахъеги нилъго нилъецаго какизе байбихьана.

КIиабизе бугони, президент хIисабалда Рамазание къимат кьезе жеги цудунго буго. ЛъагIелцин сверичIо гьев республикаялде вачIаралдаса. АнцI-анцI соназ коррупциялъги кланазги кваналеб Дагъистаналъе вачIинахъего дару гьабейин, ай «бальзам от всех бед» ургъейин ГIабдулатIиповасда аби мекъи букIина.

Абухъего, хирургиялъулаб къагIида хIалтIизабичIого сах гьабизе захIмат буго ургъиса унтараб, гIемерал хроническиял унтабаз кIвекIулеб гIажизаб Дагъистан.

РикIкIадасан малълъизеги, хIунсулеб рагIи абизеги, какизеги кутакалда бигьаяб иш буго. Амма улкаго ярмаркаялде свераараб, сундулъго къуваталъги, лъавукълъиялъги, гIарцуцаги ханлъи гьабулеб заманалда,анцIго Рамазан вачIаниги захIмат буго хехал болжалазда хиси ккезабизе. Бича-хисиялде, хачадиялде, откатазде гьетIараб система кин цо чияс битIизабилеб?

Министр обороны викъарулев ва кигIан викъаранаги бецIаб рокъов тIамулареб улкаялда кинаб хиси бокьун бугеб хIурматияв хирург ГIабдулхабировасе?

Журналист, публицист, лъикIал хиса-басиязухъ урхъарав патриот, гражданин хIисабалда дида кутакалда вичIчIула МухIамад. Амма магIарулав хIисабалда, президентасул гьудул хIисабалда вичIчIизе кIоларо.

Рамазаниде аскIовеги ун, бухIараб чайдул стаканалда нахъа гIодовги чIун, щай абичIеб дуца,МухIамад, интернеталда хъваралдаса нусго нухалъ хъачIгоги, бухIуледухъги гьудуласда, ракьцоясда, ракIцоясда абизе бокьун букIараб жо? Гьеб мехалъ дур цIайи цIикIкIинаан-гьудуласда цебеги, магIарулазда цебеги.

Интернеталдаса цеве вахъиналъ дуца гIемерал рохизаруна, нилъ рихаразе тIагIамаб квен кьуна.

Балагьейин, нахъеги магIарулал цоцалъ анин, батIияб къагIида гьезул букIунарин къвакъадизе тIамуна дуца нилъ рокьуларелщинал.

Яги президентасулгун дандчIвай гьабизе кIвечIогойищ дуца «хIамил хIакъалъулъ къиса» къалмиде босараб?

Божуларо : мун вуго гIаданги хирияв, гIадамазеги вокьулев чи. Рес гьечIо Рамазаница дуе дандчIваялъе инкар гьабизе.

.Лъаларо щиб-кин букIарабали, амма дидаго рекIеда унтана цо машгъурав магIарулас дунялалдаго машгъурав цогидав магIаруласде тIолабго улкаялда рагIуледухъ рагIи аби.

Нахъеги такрар гьабила: нилъеда лъаларо нилъерго чиясул къимат гьабизе, цогидазда цере гьесул гIиси-бикьинал, бокьарав чIагояв чиясе хасиятал хатIаби, мунагьал, гIунгутIаби рахчизе.

Цогидаз рахчула, рацIцIуна. Нилъеца,щаялиго, гьурщула, руге-гьечIел тIадеги журан.

ЛъикI хIисаб гьабеха: МухIамадсаламидаса анцIго бетIералъ тIокIав чи гьечIищ Рамазан ГIабдулатIипов президентги, политикги хIисабалда?

МухIамадсалам даргияз жаниве вачана, хадувги вачизеги вукIана, «тIасан» талихIалъ тахшагьаралде «кIудияб» хъулухъалде вачинчIевани.

Нилъ абуни, моцIал инелдего, гьабихъги корохъги Рамазанил рахъалъ маргьаби цIалкIизе журана. Дурцаздаса, вацаздаса байбихьун, министерствабазда тарал лъебелазул хIакимзабазде щвезегIан.

МухIамадгIалица, гьесул васас-лъугьинчIев президентас, жиндир цIар бахъигун цIорораб гIетI балев ГIамировас гIагарлъиялъул яги районалъул чигойищ вачинчIев власталде?

КIар-кIариялда велъизе бачIуна. МахIачхъалаялда, дагьа-макъабниги пайда-хайир щолеб ишалда, цониги хIакимищ вукIарав СагIидил миллаталъул гурони? Республикаялъул цIикIкIарасел нухмалъиялъулал хъулухъазда, ай министраллъунги мэраллъунги цIикIкIун цIодорал яги ишалъулал чагIи рукIунищ гьеб миллаталъул вакилзаби рукIарал ва жакъаги ругел?

Дир пикруялда,МухIамадгIалил къапилаялъ Дагъистаналъе гьабураб зарар анцI-анцI соназ багъана, багъулеб буго ва багъизеги буго нилъер щивасда. Гьеб щаялиго бихьичIо я ГIабдулхабировасда, я ГIалида, я ГIумарида…

ВачIун вахъинелде Рамазанихъе рагьарабкагъатхъвалеб вахадубго, къижизе кIвечIого, ракI унтун, сардилъ вахъун дару гьекъолеб буго доктор ГIабдулхабировас. Дару гьекъезе ккелароан, МухIамад, живго Рамазангун яги миллаталъухъ ракI унтарал цоги чагIигун дандги чIван, ургъун, борцун, лъутIа -къотIун, къалам хIалтIизабурабани. Жакъа тIолабго оппозиция буго дур «Осел на сцене» асар цIехолеб.

Москваялъул Кремлиялъул залалде хIама бахин рихун бугоан дир гьудул ГIабдулхабировасда. МагIарухъ гьабураб гIураб, мугIрузул бацIцIадаб гьава цIцIураб «работяга», унго-унгояб хIалтIухъан гIумруялда жаниб цохIо нухалъ гьединаб «борхалъиялде», ай улкаялъул аслияб сценаялде баханин абун биххизе батиларо гьарин Россиялъул гучаб пачалихъ.Чан кIигьумерчи, чан гъачахъ, чан рищватчи, чан гьорол чу гIадав чехь кIудияв чиновник ххараараб, халкъалъе маргьаби цIалкIараб сцена гьеб? Дие хIамил «хIеренаб» хIагIиго рагIизе бокьила гьениса, цIоб тун хIукумат кваналел, мискинаб халкъалъул мал-мулкалда кверщел лъун чIарал политиказулги, чиновниказулги, чанкIкIарал олигархазулги рокьукъал гьаркъаздаса.

МукIурлъизе ккола, МухIамад, дур кагътица гIемераб ахIи-хIур бахъинабуна магIарухъ.

ГIемерал рохана-Рамазанги нилъги рихарал. ГIемерал пашманлъана-Рамазанихъги магIарулазухъги, Дагъистаналъул лъикIаб букIинеселъухъги ракI унтарал-цосина ГIабдулхабировас хъвавухъе бугодай ишилан.

Живго Рамазан ХIажимурадовичасул вуцIцIунчIеялдаса пашманлъаралги камун гьечIо. Амма цо хабарги баккана кагъат цIалун хадуб ГIабдулхабировасул рахъалъ Рамазан ГIабдулатIиповас гьединав гьудуласдаса жиндие тушманго вокьилаанин абуниланги.

Дунго гьелда божичIо - гьединаб мукъсанаб пикруялъул чи гуро Рамазан ХIажимурадович…

Гьудулзаби, магIарулал!

Гьаб буго БетIергьанас нилъее нахъеги кьураб рес. Нагагь гьелдаса пайда босичIони, ракIчIун абизе кIола : анцI-анцI соназ нахъеги ссвина лъикIалде букIараб берцинаб хьул, хьухьикъе ина божиги, анищги, роцIцIарал, рацIцIадал пикрабиги. Рехун вачIина нилъехъе Москваялъ, накку гIадин гIарацги босун, Рамазанил малъалъул багьаяв гурев иргадулав даранчи, цо пуланаб машгъураб миллаталдаса. Гьесул зулмуялъ зурулел магIарулазда макьилъгицин вихьиларо интеллигент Рамазан, гьесул халатабилан нилъеда чIалгIараб, амма чIаголъиялде ахIулеб, цIодораб кIалъай.

КIиго рагIи берцинго цоцалъ хурхинабизе кIоларел чехь кIудиял чагIаз чурхъулеб букIина нахъеги чара хвараб Дагъистан.

Кидадай нилъ кIудиял гIелел КIудияв имам Шамилил загIипал ирсилал?!

ГIУМАХАН ГIАНДИЙСКИЙ

*3 декабрь- Халкъазда гьоркьосеб инвалидазул къо*

# КИНАЗУЛГО РАКІАЗЕ КІУДИЯБ АСАР ГЬАБУНА

3 декабрь ккола Халкъазда гьоркьосеб гІажизал гІадамазул (инвалидазул) Къо ва киса-ки-



бего гІадин, нилъер районалдаги гьеб кІодо гьабуна реабилитационнияб Централда ругел лъималги, районалъул росабалъа гІажизал гІадамалги ва гьалбалги гІахьаллъун. Телевидениялдасанги абулеб буго, газетаздаги хъвалеб буго «Праздничный День», ай бай-



рам къо абун, амма ракІалъ кинго виччалев гьечІо гьеб Байрамкъоян абизе. ГІажизал гІадамазул хІурмат гьабураб, жидерго уннта-щокълъигун жалго течІого гьел кІодо гьарураб къолъун биччанте гьеб букІине.

Реабилитационнияб Централда тІобитІараб тадбир гІуцІун букІана инвалидазда жидерго унтаби кІочонеб, рохалилаб ахІвал-хІалалда.

Гьеб данделъи рагъулаго, реабилитационнияб централъул директор АхІмад Эсенбулатовас гьарана киназего сахлъи, сабру, гІумруялда дандчІвалел захІмалъаби нахъа тезе къуват.

Гьелдаса хадуб лъималаз ахІана «Дун инвалид гуро» абураб кечI, рикІкІана батІибатІиял кучІдул, гьабуна «Къункъраби» абураб кьурди, гІахьаллъана батІи-батІиял конкурсазулъ.

Гьенир гІахьаллъараз кІудияб адаб-хІурматалда къабул гьабуна гьел лъималазул церерахьин.

КІалъазе вахъарав, районалъул хІинкъигьечІолъи цІуниялъул рахъалъ районадминистрациялъул бетІерасул заместитель ГІабдулдибир ГІабдулдибировас абуна, цох1о жакъасеб гьаб инвалидазул Къоялъ гуребги, кидагосеб тІалаб-агъаз букІине кколила инвалидаздехун абун.

ХІакъикъаталдаги, гьел гІажизал чагІазул сахлъи цІуниялъул рахъалъ букІа, гьел дарабаздалъун хьезариялъул



рахъалъ букІа, районалъул ва росабазул администрациязда бараб кумек-квербакъи букІа, гьезие жиндир заманалда, гьел рекерахъдизе тІамичІого щолеб бугони, гьезие гІумру гьабизе бигьалъизе букІана.

КІалъазе рахъарал районалъул ветераназул советалъул председатель Камалудин ШагІбановас, райадминистрациялъул вакил Асият СайгидхІусеновалъ, КЦСОНалъул директор Имангъазали МухІамаевас киналго унтаразе гьарана сахлъи ва къуркьи гьечІолъи. Гьединал унтарал лъималазул эбел-инсуе гьарана сабруги.

Унтаразул ва киналго данделъаразул ракІ гьезабун кучІдул ахІана районалъул культураялъул хІалтІухъабаз. Кидаго гІадин рохалилаб ахІвал-хІалалда данделъараз къабул гьаруна КЦСОНалда цебе гІуцІараб «Милосердие» отделениялъул лъимал. Алла Пугачевалда, Басковасда, София Ротаруда ва цогидалги Россиялъул эстрадаялъул кочІохъабазда релълъинарун ах1арал куч1дул кутакалда рокьана гьезие.

КІалъазе рахъарал унтарал лъималазул улбуз кІудияб баркала кьуна реабилитационнияб централъул ва КЦСОНалъул киналго хІалтІухъабазе гьезул жавабчилъиялдъухъ, унтараздехун бугеб гІаданлъиялъулаб бербалагьиялъухъ ва гьезул ракІазул сахаватлъиялъухъ.

Данделъиялъул ахиралда киналго инвалидазе кьуна сайгъатал ва квана-гьекъейгун, рохалилаб ахІвал-хІалалда гьеб тадбир рагІалде бахъана.

**А.АГЪЛАРОВ,**
**нижер хасав мухбир.**
**Ш. МУРТАЗАЛИЕВАСУЛ**
**суратал.**







# *Программа*

# КВЕШЛЪИ ТIАДЕ ЦIАЛЕВ МАЦIИХЪАН ВУГО АЛЛАГЬАСУЛ ТУШМАН ВА ХIАЛИХЬАТ

ТIадегIанав Аллагьас абун буго «Нужеде бачIараб лъикIлъи Аллагьасдасан буго, нужеда бугьтан лъуни, гьебги Аллагьасде т1амун те»-ян..

ГIадамазе лъикIлъи гьабе хIалкIварабгIан ва дуего зарал гьабурасул иш Аллагьасде т1амун те. Квешлъи гьабурасе гьеб жиндирго квешлъиялъ гIезабула.

Цо чи вукIанила ханасда цевеги чIун гьев веццулев ва кидаго гьесда абулев: «Дуца лъикIлъи гьабурасе лъикIлъи гьабе, квешлъи гьабурасе гьеб жиндирго квешлъиялъ гIезабула», -ян. Ханас гьесул адаб – хIурматги гьабулеб букIанила. Гьев гьедин ханас кIодо гьавиялдалъун гьесде жах1да гьабунила цо чияс, ва гьев анила ханасухъе дов чиясда бугьтан лъезе къасдгун ва гьесда абунила: "Гьадав чияс ханасул кIалдисан квешаб махI бугилан дагIба гьабулеб буго»-ян. Гьесухъги гIенеккун ханас абунила: «Кинха дида чIванкъотIун лъазе кIолеб дос додин абулеб букIин?» МацIихъанас жаваб гьабуна: «Дуца дов ахIе духъего ва дуде гIагарлъигун гьес жиндаго гьеб махI чIвачIого букIине кIалдиб хъат ккевзе буго. Гьелдалъун мухIканлъила дуе хIакъикъат»,- ян.

Гьелда ханги разилъула, мацIихъанги гьениса витIахъе дов чиясда аскIове уна ва кваназе рокъове ахIула. Цинги ражиги кваназабула, хадуб билълъараб гIадаталда гьев чи ханасухъе уна. Ханас гьесда абула аскIовегIан вачIайилан ва гьевги аскIове гIагарлъула кIалалда хъатги чIван, жиндасаго ражидул махI ханасда чIвачIого букIинелъун. Амма ханас пикру гьабула дов мацIихъанас абураб жо битIараб бугилан ва гьес жиндирго хIалтIухъанасухъе кагъат хъвала: «Гьав чи вачIаравго дуца чIвай ва гьесдаса тIомги бахъун жанибе наккуги бан дихъе битIе»,-йилан. Гьев чи кагъатги босун къватIиве вахъаравго гьесда дандчIвала жахIдачи ва тIадчIун гьарула гьеб кагъат жиндихъе кьейилан сайигъат жиндиего щвезе бокьун (ханас жинцаго кагъат хъвалеб букIун гьечIо цо сайгъаталъе гIоло гурого). Гьес кагъат кьола ва гьебги босун гьев уна. ХIалтIухъанас кагътида хъван бугеб жо бициндал гьав чи Аллагьасул цIарги бахъун ахIдола кагъат дие хъвараб гурин, дун гьебги босун цIидасан ханасухъе виччайилан. Ханасул кагътие нахъ буссин букIунарилан гьес гьелда хъвараб тIалаб тIубазабула.

Дов чийин абуни жиндирго гIадаталда рекъон долго рагIабиги абулаго ханасухъе вачIуна, гьелда кIудияб гIажаиблъи гьабула ва гьесда гьикъула: «Щиб дуца доб кагъаталда гьабураб?»илан? Гьес ккараб жо ханасда бицуна ва ханас гьесдаги бицуна дов чияс абураб жо. Ва гьев чияс абула жинца киданиги гьединаб жо абун букIинчIилан. «Щайха дуца кIалалда хъат чIварабилан гьикъидал гьес абула: «Дуда ражидул махI чIвазе биччаларилан бахчулеб букIана кIал»,-илан. Ва ханас гьев вукIараб хIалалде вуссинавула. Дуца абулеб жо битIараб букIун буго жиндирго квешлъиялъ гьесие гIезе гьабун буго. Нужее квешлъи гьабизе лъугьарал гIадамал нужеца Аллагьасухъе тIаме гьаб къисаялда рекъон чидае квешлъи гьабизелъун лъугьарав чиясда ахир-къадги квешлъи жиндаго багъула.

Биччанте ине 100 сон гьеб мехалъги доб квешлъи гьабурав чи квешлъиялъ валагъула.

***ХI. ХIУСЕНОВ***

# ТIАСУТIАСА ШАХТЁР ЛЕНИНИЛ ОРДЕНАЛЪУЛ КАВАЛЕР

Сайгидав гьавуна 1929 соналъ ТIасутIа росулъ Нуцалханов ХIажил хъизамалда.

Гьесул эмен вукIана гIемерал соназ колхозалда хIалтIарав чи. Эбел НурмухIамадил Рашидат йикIана гIараб гIелму цIаларай гIадан.

Сайгидас лъугIизабуна анкьго класс ЦIа-Ведено росулъ. Хъулухъ гьабуна Советияб Армиялда. Армиялдаса тIад вуссун хадув Сайгидас ячана чIужу. Гьабуна гьезие кIиго лъимер. Хадув ана живго армиялда вукIараб Украина ССРалъул Донецк шагьаралде шахтерлъун хIалтIизе. Байбихьудаго гьев хIалтIана шахтерлъун, хадув мастер-прораблъун.

Школалда цIалулеб мехалъго бицунев вукIун вуго гьев жив шахтерлъун вахъине вугин. Гьедин тIубана Сайгидасул мурад ва лъебергогIанаб соналъ хIалтIана шахтерлъун.

Риидал отпускги босун вачIунаан эбелалъухъе щвезе. Росдал жамагIатги, гIолохъабиги, ракIарулаан годекIанире Сайгидав вачIиндал гьесулгун хабар - кIалалъе. Гьедин кIодо гьавулаан жиндир мунагьал чураяв росуцояз.

Гьес гIемер бицунаан жиндирго хIалтIул, цадахъ хIалтIулел гьудул-гьалмагъзабазул.

Сайгидасул лъикIаб гьудуллъи ккана Дагъистаналъул халкъияв поэт Расул ХIамзатовасулгун, Хелекьури росулъа МухIамадтIагьир ГIабдулбасировасулгун. ГIемер дандчIвалаан лъабавго гьудул Москваялда, МахIачхъалаялда. Сайгидасул рукIана гIемерал гьудул-гьалмагъзаби.

Чанго нухалъ вищана Донецк шагьаралъул советалъул депутатлъун.

РакIбацIцIадго гьабураб хIалтIиялъухъ гьесие кьуна «Ленинил орден» «Украина ССРалъул мустахIикъав шахтёр» абураб цIар.

Сайгидас борхана хIеж.

Гьесул вас Мухтар ккола ТIасутIа росдал дибир.

**М.МУХ1АМАДБЕГОВ,**
***ТIасутIа школалъул учитель***

# ГЪАСДАСА РАЗИ РУКIУНА КИНАЛГО

Лъебергониги сон батила Муни росулъав Расулхан поликлиникаялдагун больницаялда хIалтIулелдаса. Гьелгощинал соназ хIалтIулев гьесул рахьалъ цонигияз абулеб рагIичIо хьачIаб рагIигицин. Гьелъул гIаксалда веццун гуреб. ТIолгояз абула гьев ракIбацIцIадав, хIаракатаб хIалтIул, унтараздехун ракI унтарав инсан вугилан. Гьесул букIунин хIеренаб хабарги гьуинаб каламги. ГIемерал чагIаз дида гьарун букIана жидер цIаралдаса Расулхание газета гьоркьоб ккун баркала кьеян.

ХIакъикъаталдаги гьелъие мустахIикъав вуго гьев. Унтаразул хъулухъ тIубазе кидаго хIадурав вукIуна Расулхан. Амма цо-цо медицинаялъул хIалтIухъабаз жидехъего рокъоре рачIарал киниги рокьукъго къабул гьарула унтарал. Расулханицайилан абуни унтарасул ракI батула ва тIуван сахлъизе вукIиналда ракIчIезабула. Заман лъуг1анилан рокъове ине гIедегIуларо. Гьев хIадурав вукIуна росулъан кIварав гIодоркъоязгицин унтаразул рентгеналъулаб хал гьабиялде вачIине.

ГIемерал соназ хIалтIун ва махщел борхизабиялъулал хассал курсазда цIалун щвараб камилаб махщел жиндиего хасиятаб хIаракатчилъиялда ва гIаданлъиялда хIалтIизабулеб буго Расулханица.

«Тохтурасулгун тIоцебесеб дандчIваялдаса хадуб унтарасе лъалеб бигьалъи ккечIони, гьев тохтур гуро»,-ян абуна машгьурав гIалимчи ва хъвадарухъан А.П. Чеховас.

Г ь е л ъ у х ъ е г о , Р а с у л х а н дандчIварабго бигьалъи бачIунилан абула унтаразги.

Гьединан гIадамазул сахлъи цIуниялъе ракIбацIцIадго хIалтIизе щулияб сахлъиги халатаб гIумруги кьеги гьесие.

***П. ДИБИРОВА***

23 ноябралъ къватIибе араб газеталда лъазабун букIараб нижер конкурс гьоркьоб къотIизабизе кколеб буго гIарцулал сурсатал гьечIолъиялда бан.

**РУОялъул управление.**

**колонка прокурора**

***Внесены изменения в закон о защите детей от информации, причиняющей вред их здоровью и развитию***

Подписан закон, которым внесены изменения в статью 5 Федерального закона «О защите детей от информации, причиняющей вред их здоровью и развитию» и отдельные законодательные акты Российской Федерации в целях защиты детей от информации, пропагандирующей отрицание традиционных семейных ценностей.

Этим законом устанавливаются правовые основания и определяются меры административной ответственности за пропаганду среди несовершеннолетних нетрадиционных сексуальных отношений.

Так, перечень информации, причиняющей вред здоровью и (или) развитию детей дополнен нововведением, относящим к указанному виду информации также и пропагандирующую нетрадиционные сексуальные отношения.

Внесены соответствующие изменения и в Федеральный закон «Об основных гарантиях прав ребенка в Российской Федерации», касающиеся отнесения к обязанностям органов государственной власти Российской Федерации принятие мер по защите детей от пропаганды названной информации.

Глава 6 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях дополнена новой статьей 6.21 «Пропаганда нетрадиционных сексуальных отношений среди несовершеннолетних», санкции которой предусматривают за данную категорию правонарушений повышенные размеры административных штрафов.

Принятые меры на законодательном уровне призваны обеспечить наибольшую защиту детей от вредных для их здоровья и нравственного развития информации, пропаганды и агитации, связанных с нетрадиционными сексуальными отношениями.

**Зам. прокурора,**
**Д.А. Джабраилов**

***БетIерав редактор***
***ГI. ГIумаханов***